# Тэухьидымрэ иманымрэ зыхэлъхэм яхуэфащэр

[ Адыгэбзэ – Circassian – شركسي ]

Мухьэммэд аль-Тууейджри
Ибрахим и къуэ

Зэзыдзэк1ар ик1и бзэ лъэныкъуэк1э еплъыжар:
Аматуллах Шэркэси

Шэрихьэт лъэныкъуэк1э еплъыжар:
Абу Мухьэммэд Шэркэси

# جزاء

# أهل التوحيد والإيمان

محمد بن إبراهيم التويجري

ترجمة وتدقيق لغوي:
أمة الله الشركسي

مراجعة شرعية:
أبو محمد الشركسي

# Тэухьидымрэ иманымрэ зыхэлъхэм яхуэфащэр

- Тэухьидымрэ иманымрэ зыхэлъхэр Алыхьым тыгъэ лъап1эхэк1э мы дунейм къигъэгугъащ, ахэм ящыщу нэхъ лъап1э дыдэхэр: ехъул1эныгъэ, тек1уэныгъэ, лъэк1ыныгъэ щ1ым деж къаритащ, къащхьэщожыр ахэм, шынагъуэм щехъумэ, къырегъэл, бэрэчэтыр къарет, джаурхэр къатригъак1уэкъым, Алыхьыр ящ1ыгъущ хэхауэ, ф1ыуэ елъагъухэр.

Ахърэтым къигъэгугъахэщ ф1ыгъуэу щы1эхэмк1э, мылъкушхуэк1э, нэм имылъэгъуауэ, тхьэк1умэм зэхимыхауэ, ц1ыхум и гум къэмык1ауэ: **«Псэм ищ1экъым къыхуэгъэхьэзырар нэхъ ф1эф1ым щыщу, ящ1ам щхьэк1э яхуэфащэу».** (Ас-сэджде: 17).

**Нэхъ лъап1эу тэухьидымрэ иманымрэ зыхэлъхэм къаритахэм мы дунейми ахърэтми щыщ:**

**Япэрауэ**, Щы1эныгъэ дахэ мы дунейми ахърэтми.

Алыхьым жи1ащ: **«Ц1ыхухъуи ц1ыхубзуи ф1ы зыщ1ар ик1и ар му1минмэ щы1эныгъэ дахэк1э дгъэпсэунущ, я псапэри яттынущ нэхъыф1у ящ1ахэм папщ1э».** (Ан-Нэхьл: 97).

**Ет1уанэу**, жэнэтым ихьэнущ.

Алыхьым жи1ащ: **«Алыхьым иман зи1э хъуахэу ф1ы зыщ1ахэр жэнэт псы къыздыщ1эжхэм иришэнущ, Алыхьым зыхуейр ещ1э».** (Аль-Хьэдж: 14).

**Ещанэу**, жэнэтым и ф1ыгъуэхэм зэпымычу хэтынущ.

Алыхьым жи1ащ: **«Иман зи1эу 1уэхуф1 зыщ1ахэр гъэгуф1э ахэм щхьэк1э жэнэт псы къызщ1эжхэр зэрахуэфащэмк1э, абым щыщу шхын къыратмэ жа1эр: «Мыр ипэм къыдатауэ щыта», ауэ къыхуахьар ещхьу аращ. Абыхэм щхьэгъусэ къабзэхэр я1эщ абдежым, сыт щыгъуи щы1энухэщ абдеж».** (Аль-Бэкъэрэ: 25).

**Епл1анэу**, тхьэр яхуэаразыщ.

Алыхьым жи1ащ: **«Алыхьым му1минхэмрэ му1минэтхэмрэ игъэгугъащ жэнэт псыхэр къызщ1эжым сытым щыгъуи зэпымычу щы1эну, унэ дэгъуэхэмк1э жэнэтым, ауэ Алыхьым и аразыныгъэр нэхъ инщ. Аращ ехъул1эныгъэ нэхъ лъап1эр».** (Ат-Тэубэ: 72).

**Етхуанэу**, Алыхьышхуэу Лъап1эу Лъагэр жэнэтым ялъэгъунущ.

Алыхьым жи1ащ: **«Нэгухэр а махуэм нэжэгужэщ, я тхьэм еплъхэу».** (Аль-Къиямэ: 22-23).

**Еханэу**, Алыхь Лъап1эу лъагэм пэгъунэгъухэщ.

Алыхьым жи1ащ: **«Ф1эщхъуныгъэ быдэ зи1эхэр жэнэтхэмрэ псыхэмрэ хэтщ, щ1ып1э пэжым псори зыхузэф1эк1 Унэфэщ1ым деж».** (Аль-Къэмэр: 54-55).

**Ебланэу**, Тхьэ Лъап1эу Лъагэм и псалъэхэр зэхахынущ.

Алыхьым жи1ащ: **«Жэнэтым щы1эхэр а махуэм гуф1эгъуэ куэдым хэтщ, езыхэри я щхьэгъусэхэри жьауэхэм п1э щабэхэм зытрагъащ1э, ахэм папщ1э пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ зыхуейуэ хъуамрэ щы1эщ. «Сэлям» псалъэр къажре1э я Тхьэ Гущ1эгъушхуэ зи1эм».** (Ясин: 55-58).

**Еянэу**, маф1эм къелынущ.

Алыхьым жи1ащ: **«Псори фыщхьэщык1ынущ абым, аращ уи Тхьэм унафэу къихьар. Ит1анэ тхьэшынагъуэ зыхэлъхэр къедгъэлынущи залымыгъэ зыщ1ахэр лъэгуажэмыщхьэу къэдгъэнэнущ».** (Мэрям: 71-72).

- Дунейм дыкъызэригъэгугъахэр иджыпсту мысылмэн куэдым я гъащ1эм щы1экъым, абым къик1ыр я иманыр зэрыкъаруушэращ, ик1и унэсыфынукъым абым иманыр нэхъ быдэ умыщ1ауэ зэрыщытын хуейм хуэдэу. Алыхьым дыкъызэригъэгугъахэр къытлъысыным папщ1э ди иманымрэ ди 1уэхуф1хэмрэ бегъымбархэмрэ сэхьабэхэмрэ я иманымрэ 1уэхуф1хэмрэ нэдгъэсын хуейщ ипэжып1эк1э.

1 – Алыхьым жи1ащ: **«Фэ ф1эщхъуныгъэу фи1эм хуэдэу езыхэми я ф1эщхъуныгъэр щытмэ гъуэгу занщ1эм**

**теувахэщ. Ауэ абым тек1амэ, къуэншагъэм хэхуахэщ. Алыхьым абыхэм уащихъумэнщ, ар Ас-Сэмигь, Аль-Гьэлим».** (Аль-Бэкъэрэ: 137).

2 – Алыхьым жи1ащ ит1ани: **«Уэ ф1эщхъуныгъэ зи1эхэ, Алыхьымрэ, и л1ык1уэмрэ, тхылъыу и лык1уэм къыхуригъэхамрэ, тхылъыу ипэк1э къыригъэхамрэ фи ф1эщ фыщ1. Алыхьымрэ, и мэлэ1ичхэмрэ, и тхылъхэмрэ, и л1ык1уэхэмрэ, къемэт махуэмрэ зи ф1эщ мыхъур щыуащ щыуэныгъэ жыжьэ дыдэк1э».** (Ан-Нисаl: 136).

3 – Алыхьым иджыри жи1ащ: **«Уэ ф1эщхъуныгъэ зи1эхэ, диныр зэрыпсоуэ къафщтэ, шейт1аным и гъуэгухэм фытемыхьэ, ар фи бий нахуэщ».** (Аль-Бэкъэрэ: 208).

IslamHouse.com